

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar saméméhna ngeunaan kekecapan jeung larapna dina pangajaran basa Sunda di SMP kelas IX bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

*Kahiji*, dina carita pantun *Lutung Leutik* kapaluruh aya 165 kekecapan, kalayan frékwénsina aya 337 kali.

*Kadua*, wangun kekecapan dina ieu carita pantun aya 2 ngawengku kekecapan wangun kantétan jeung kekecapan wangun rajékan. Kekecapan wangun kantétan jumlahna aya 147 kalayan frékwénsi 313 kali (92,84%), sedengkeun kekecapan wangun rajékan jumlahna aya 18 kalayan frékwénsi 24 kali (7,16%).

*Katilu*, pola kekecapan dina ieu carita pantun ngawengku kecap pagawéan, kecap barang, kecap sipat, cakal, kecap panambah, kecap bilangan, jeung kecap panyambung, boh éta kaasup kana kecap pagawéan tunggal boh rundayan, atawa rajékan.

*Kaopat*, kekecapan dina carita pantun *Lutung Leutik* bisa dijadikeun bahan pangajaran, nyaéta dina pangajaran kabeungharan basa Sunda. Sabab kekecapan téh kaasup kana pakeman basa (idiom) anu kudu diajarkeun ka siswa pikeun ngeuyeuban pangaweruhna boh dilarapkeun dina wangun tulisan boh dina wangun lisan.

Dumasar kana data anu geus dipedar di luhur, katitén yén kekecapan dina carita pantun *Lutung Leutik* téh euyeub pisan, bisa ditalungtik dumasar kana papasingan wangunna sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran kabeungharan basa Sunda di SMP.

#### 5.2 Implikasi

Kekecapan dina carita pantun *Lutung Leutik* téh bisa di larapkeun di sakola dina pangajaran kabeungharan budaya Sunda, kalayan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré téks anu eusina kumpulan kekecapan tina carita pantun *Lutung Leutik*.
- 2) Siswa dibéré pancén pikeun maca jeung maham kana harti kekecapan dina éta téks.
- 3) Siswa ngalarapkeun kana wangun kalimah.

Dumasar kana kacindekan jeung léngkah-léngkah di luhur, implikasi dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Ngawanohkeun yén dina basa Sunda aya kabeungharan basa Sunda anu anyar nyaéta kekecapan.
- 2) Ngalatih kaparigelan basa siswa, utamana dina widang nulis jeung nyarita;
- 3) Kekecapan nu nyangkaruk dina carita pantun *Lutung Leutik* bisa dipaké pikeun kabutuhan siswa dina ngolah kekecapan basa Sunda anu baris ditepikeun.
- 4) Guru salaku evaluator bisa ngukur kamampuh siswa dina nyangking pangajaran basa.

Sabada nengetan, nganalisis, jeung ngalarapkeun kekecapan dina carita pantun *Lutung Leutik*, dipiharep mampuh ngaronjatkeun kaparigelan siswa, saperti ieu di handap.

- 1) Maham kana kekecapan jeung wangunna.
- 2) Mampuh ngabédakeun kekecapan jeung wanda pakéman basa séjenna.
- 3) Parigel dina nulis jeung nyarita ngagunakeun ungkara anu ngandung kekecapan, salaku kabeungharan basa Sunda anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopé kalayan merenah.

### 5.3 Rékomendasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

*Kahiji*, ieu panalungtikan ngeunaan kekecapan kakara dilakukeun ku mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah. Ku kituna masih perlu diayakeun panalungtikan kekecapan kalayawan leuwih jero.

*Kadua*, panalungtikan ngeunaan kekecapan dina carita pantun *Lutung Leutik* kacida lobana ti batan wanda pakéman basa anu séjénna. Lian ti éta kekecapan téh lain ngan bisa kapanggih dina wangun tulisan (karya sastra) hungkul, tapi bisa ogé dina wangun lisan nyaéta nalika komunikasi.

*Katilu*, kekecapan dipiharep bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé ngaliwatan pangajaran basa Sunda.